

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi, Populasi, jeung Sampel Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi. Désa Sirnasari mangrupa désa hasil pamekaran tina désa indukna nya éta Désa Citanglar. Sacara géografis, désa Sirnasari aya di antara 1.060° *Bujur Timur* jeung 6061° - 70041° *Lintang Selatan*.

Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi ngawengku 4 (opat) dusun, nya éta 1) dusun Cipancur nu luas wilayahna 434.24 Ha, 2) dusun Munjul luas wilayahna 375.25 Ha, 3) dusun Cigadog luas wilayahna 435.20 Ha, jeung 4) dusun Cijambé nu luas wilayahna 926.51 Ha.

Ngaran kampung nu jadi lokasi utama dina ieu panalungtikan nyampak dina tabél ieu di handap:

Tabel 3.1.

Data Kampung di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi

No.	Ngaran Kampung	Dusun	RT	RW
1.	Cipancur	01 (Cipancur)	003	01
2.	Linggajaya	01 (Cipancur)	004	01
3.	Munjul	02 (Munjul)	002	02
4.	Lembur Sawah	02 (Munjul)	004	02
5.	Citarajé	03 (Cigadog)	001	03
6.	Bojongsémpor	01 (Cipancur)	010	01
7.	Cibadak	02 (Munjul)	007	02
8.	Kalangsari	01 (Cipancur)	008	01
9.	Cigadog	03 (Cigadog)	006	03
10.	Pamoyanan	02 (Munjul)	005	02
11.	Nyalindung	01 (Cipancur)	007	01
Jumlah = 11 Kampung (4 dusun, 9 RT, jeung 3 RW)				

3.1.2 Populasi

Nu disebut populasi nya éta wilayah generalisasi anu ngawengku objék/subjék nu miboga kualitas jeung karakteristik nu tangtu dilarapkeun ku panalungtik pikeun dipaluruh jeung dijieun kacindekanana (Sugiyono, 2008:80).

Dina *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (KBBI, 2002:889) dijéntrékeun harti populasi anu unina saperti kieu.

Populasi 1 seluruh jumlah orang atau penduduk di suatu daerah; *2* jumlah orang atau pribadi yang mempunyai ciri-ciri yang sama; *3* jumlah penghuni, baik manusia maupun makhluk hidup lainnya pada suatu satuan ruang tertentu; *4* sekelompok orang, benda, atau hal yang menjadi sumber pengambilan sampel; suatu kumpulan yang memenuhi syarat tertentu yang berkaitan dengan masalah penelitian.

Dumasar kana éta katerangan, populasi dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing pupujian di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi nu jumlahna 110 judul pupujian.

3.1.3 Sampel


Sampel mangrupa bagian tina jumlah jeung karakteristik nu dipiboga ku éta populasi (Sugiyono, 2008:81). Upamana data nu kapupu dina populasi kaitung loba, katambah panalungtik moal mungkin maluruh sakabéh data, mangka panalungtik bisa ngagunakeun sampel tina éta populasi. Ilaharna, hal nu ngalantarankeunana bisa kawatesanan tina dana, tanaga, jeung waktu. Antukna, data nu dimeunangkeun tina hasil panalungtikan téh ditangtukeun sampelna.

Tina populasi anu jumlahna 110 pupujian, dicokot 30 pupujian pikeun dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan. Jumlah sampel nu geus ditangtukeun téh dumasar kana papasingan eusi pupujian nurutkeun Yus Rusyana (1971:9). Lian ti éta, tinimbangan séjénna nya éta tina réana tempat pangajian nu dina enas-enasna pupujian bakal remen dinadomkeun ku para santrina. Anapon sampel anu digunakeunana nya éta sampel acak (*random*). Hartina, pupujian dipilah-pilah sacara acak tur dianalisis luyu jeung papasinganana.

3.2 Desain panalungtikan

Dina *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2002:257) diébréhkeun yén desain téh nya éta “*Kerangka bentuk; rancangan.*” Desain panalungtikan mangrupa rancangan dina panalungtikan nu dijieun kalayan sistematis.

Desain dina ieu panalungtikan dijelaskeun saperti dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1.
Desain Panalungtikan

3.3 Metode Panalungtikan

Istilah métode dina basa Indonésia, asalna tina basa Latin *methodos* nu akar kecapna *meta* jeung *hodos*. *Meta* hartina ‘ngaliwatan, miluan, sabada’, ari *hodos* hartina ‘jalan, cara, arah’. Dina harti nu leuwih jembar, istilah métode dianggap minangka cara-cara, stratégi pikeun maham réalitas, léngkah-léngkah sistematis

Ina Eka Sulastri, 2014

Adegan Pupujian Di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Di SMP (Ulukan Struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pikeun nganggeuskeun runtuyan sabab akibat nu satuluyna. Méthode miboga fungsi pikeun ngajadikeun pasualan kalayan leuwih basajan, nepi ka bisa dibéréskeun tur dipikaharti (Ratna, 2010:34).

Méthode mangrupa cara gawé pikeun maham jeung neuleuman objék nu jadi sasaran (Syamsuddin, 2011:14).

Dina *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2002:740) diébréhkeun ngeunaan harti métode anu unina saperti kieu.

Metode 1 cara teratur yang digunakan untuk melaksanakan suatu pekerjaan agar tercapai sesuai dengan yang dikehendaki; cara kerja yang bersistem untuk memudahkan pelaksanaan suatu kegiatan guna mencapai tujuan yang ditentukan.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitik. Ratna (2010:53) nétélakeun yén métode déskriptif analitik dilaksanakeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna disusun ku analisis.

Anapon nu baris didéskripsikeun dina ieu panalungtikan téh nya éta bakal nganalisis pupujian dumasar struktur lahir (jumlah engang, jumlah padalisan, purwakanti, jeung gaya basa), struktur batin (eusi, téma, rasa, nada, jeung amanat), fungsi jeung basa dina pupujian di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

3.4 Wangenan Operasional

Pikeun ngagampangkeun dina ngalaksanakeun panalungtikan, ieu di handap baris dipedar kalayan rinci sababaraha wangenan operasional ngeunaan variabel-variabel nu dipaké dina ieu panalungtikan, di antarana:

1. Pupujian

Rusyana (1971:1) ngébréhkeun yén kecap pupujian diwangun tina kecap puji ku jalan rajékan dwipurwa sarta dirarangkénan, nuduhkeun rupa-rupa atawa mindeng, tegesna pupujian téh rupa-rupa puji atawa muji sababaraha kali. Jadi, nu disebut pupujian téh nya éta puisi anu dieusi ku warnaning puji, du'a, pépéling, jeung pangajaran anu dijiwaan ku agama Islam. Ilaharna, dilagukeun di masjid-masjid, pasantrén-pasantrén, jeung tempat paélmaan séjénna. Sumebarna ngaliwatan para santri, tuluy ka masarakat sarta ka tempat-tempat pangajian.

Nurutkeun Rusyana (1971:9), eusi pupujian téh kabagi kana genep golongan, nya éta (1) muji kaagungan Pangéran, (2) solawat ka Kangjeng Nabi Muhammad, (3) ngadu'a jeung tobat ka Pangéran, (4) ménta safaat ka Kangjeng Nabi Muhammad, (5) mépélingan ka umat sangkan ngajalankeun ibadah jeung amal soléh sarta ngajauhan kama'siatan, jeung (6) mére pangajaran ngeunaan bagbagan agama, saperti kaimanan, rukun Islam, pikih, ahlak, taréh, tafsir Qur'an, sorof, jeung lianna.

2. Bahan Pangajaran Ngaregepkeun

Jamaluddin (2003:16) nétélakeun yén salah sahiji komponén utama dina prosés diajar ngajar di kelas téh nya éta ayana bahan ajar nu rék ditepikeun ka siswa. Bahan pangajaran éta sorangan nya éta matéri nu baris ditepikeun ka para siswa dina kagiatan diajar ngajar pikeun ngahontal tujuan pangajaran.

Ngaregepkeun mangrupa salasahiji aspék kaparigelan basa nu sipatna *receptif* (narima informasi) ngaliwatan lisan sangkan siswa paham kana naon nu diregepkeunana. Kaparigelan ngaregepkeun kacida pentingna dikawasa ku siswa lantaran ngaliwatan prosés ngaregepkeun nu hadé, mangka informasi nu ditarima ku siswa bakal tumerap luyu jeung nu diregepkeunana. Pikeun ngaronjatkeun kaparigelan ngaregepkeun, tangtuna siswa kudu daria dina prosés ngaregepkeunana.

Dumasar kana wangenan-wangenan nu geus disebutkeun di luhur, ieu panalungtikan téh bakal ngadéskripsikeun struktur lahir pupujian (jumlah engang, jumlah padalisan, purwakanti, jeung gaya basa), struktur batin (eusi, téma, rasa, nada, jeung amanat), fungsi jeung basa dina pupujian di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi sangkan bisa dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén hartina alat nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data (Siswantoro, 2010:73). Ilaharna, instrumén panalungtikan nu dipikawanoh nya éta tés, wawancara, obsérvasi, atawa angkét.

Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku format observasi, padoman wawancara, sarta média-média nu ngarojong kana prosés panalungtikan saperti kaméra, alat pikeun ngarékam sora, jeung sajabana.

Ieu di handap mangrupa tabél format obsérvasi jeung padoman wawancara ngeunaan pupujian di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

Tabel 3.2.
Format Observasi

No. Narasumber	Wasta	Padumukan	Umur	Pakasaban	Atikan

Tabel 3.3.
Padoman Wawancara

No.	Titimangsa Wawancara: Ngaran Narasumber : No. Narasumber :
1.	Numutkeun Bapa/Ibu, naon ari pupujian téh?
2.	Kumaha kaayaan pupujian di Désa Sirnasari ayeuna?
3.	Iraha meunang informasi ngeunaan éta pupujian? Ti saha?
4.	Dina raraga naon ayana pupujian di Désa Sirnasari téh?
5.	Iraha waktu nganadomkeun pupujian di Désa Sirnasari?
6.	Ku saha waé dinadomkeunana?
7.	Kumaha cara ngajarkeun pupujian ka barudak sakola/santri?
8.	Naon fungsi pupujian nu aya di Désa Sirnasari?
9.	Pupujian naon waé nu mindeng dinadomkeun?
10.	Basa naon nu digunakeun dina éta pupujian?
11.	Naha Bapa/Ibu satuju upama pupujian téh diajarkeun di SMP kelas 7?
12.	Numutkeun Bapa/Ibu, kumaha tarékahna sangkan pupujian hirup di masarakat, utamana pikeun barudak sangkan apal kana pupujian?

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Istilah téhnik asalna tina basa Yunani *tekhnikos* anu hartina alat atawa seni nu ngagunakeun alat. Vredenbreght (dina Ratna, 2010:37) nandeskeun yén téhnik téh patalina jeung data primer. Aya sababaraha téhnik nu mindeng digunakeun,

upamana waé wawancara, kuesioner, rékaman, statistik, dokumén, angkét, téhnik kartu data, jeung sajabana.

Anapon téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka, dokuméntasi, obsérvasi, jeung wawancara.

a. Téhnik Talaah Pustaka

Téhnik talaah pustaka digunakeun pikeun néangan sumber-sumber anu aya patalina jeung pupujian. Éta sumber téh bisa dimeunangkeun tina buku, média masa, internét, jeung média-média séjén nu bakal ngeuyeuban kana subjék panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngalengkepan informasi jeung data nu ngarojong kana subjék panalungtikan, utamana waé ngeunaan tiori sastra jeung pupujian. Tiori sastra museur kana sawangan Herman J.Waluyo (1987), sedengkeun tiori pupujianana museur kana sawangan nu ditétélakeun ku Yus Rusyana (1971).

b. Téhnik Studi Dokuméntasi

Dokuméntasi nya éta néangan data ngeunaan hal-hal nu mangrupa catetan, transkrip, buku, koran, majalah, prasasti, notulén rapat, lengger, agénda, jeung sajabana (Arikunto, 2010:274). Nu dipaluruh dina téhnik dokuméntasi nya éta barang-barang teu hirup nu ngawengku dokumén jeung rékaman. Nu dimaksud ‘rékaman’ nurutkeun Lincoln jeung Guba (dina Syamsuddin, 2011:108) nya éta unggal tulisan atawa ungkara nu ditataharkeun ku atawa pikeun individu atawa organisasi nu tujuanana ngabuktikeun ayana hiji kajadian.

Téhnik studi dokuméntasi dina ieu panalungtikan mangrupa catetan jeung buku ngeunaan pupujian nu kapanggih di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

c. Téhnik Obsérvasi

Sutrisno Hadi (dina Sugiyono, 2008:145) ngébréhkeun yén obsérvasi mangrupa hiji prosés nu kompléks nu disusun tina sababaraha prosés biologis

jeung psikologis. Bagian nu kacida pentingna dina téhnik obsérvasi nya éta prosés pengamatan jeung ingetan.

Cara éféktif dina ngalaksanakeun téhnik observasi nya éta dilengkepan ku format atawa *blangko* pengamatan salaku instruménna (Arikunto, 2010:272). Kacida alusna upama dina téhnik obsérvasi téh ngagunakeun alat bantu saperti kaméra, rékaman sora, video, jeung alat séjénna sangkan hasil panalungtikanana bisa dibuktikeun kalayan objéktif.

Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun alat bantu saperti kaméra, vidéo *tape*, jeung *audio-tape recorder* pikeun ngarékam gambar jeung sora nara sumber sangkan bisa diputer deui dina waktuna nganalisis.

d. Téhnik Wawancara

Wawancara nya éta paguneman antara dua jalma atawa leuwih anu medar hiji perkara, lumangsung antara pananya jeung narasumber (nu ngajawab). Téhnik wawancara digunakeun pikeun mikanyaho pasualan kalayan nyosok jero ngaliwatan jawaban ti réspodén/narasumber. Wawancara bisa dilaksanakeun kalayan *terstruktur* jeung teu *terstruktur* (dina Sugiyono, 2008:138).

1. Wawancara *Terstruktur*

Wawancara *terstruktur* digunakeun salaku téhnik ngumpulkeun data upamana panalungtik geus mikanyaho informasi nu bakal kapanggih. Ku kituna, panalungtik geus nataharkeun patalékan-patalékan tinulis. Unggal réspodén atawa nara sumber diajukeun patalékan nu sarua, tuluy panalungtik nyatet sakumna jawabanana. Ngaliwatan wawancara *terstruktur*, ngumpulkeun data bisa waé ti sababaraha narasumber sangkan bisa ngeuyeuban data.

2. Wawancara Teu *Terstruktur*

Wawancara teu *terstruktur* nya éta wawancara nu sipatna bébas. Panalungtik teu ngagunakeun padoman wawancara nu disusun kalayan sistematis tur lengkep. Padoman wawancara nu digunakeun ngan saukur gurat badag tina pasualan nu rék ditanyakeun. Dina prak-prakanana wawancara, panalungtik tacan mikanyaho data

nu bakal kapanggih. Antukna, panalungtik ukur ngadéngékeun sakumna jawaban nu dicaritakeun ku narasumber.

Téhnik wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta wangun semi *terstruktur*. Aya 12 pananya geus disiapkeun kalayan sistematis ngeunaan pupujian di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi. Satuluyna, éta pananya téh dilengkepan deui ku pananya tambahan nalika narasumber ngadadarkeun jawabanana.

3.7 Analisis Data

Bogdan (dina Sugiyono, 2008:244) nételakeun yén analisis data téh nya éta prosés néangan jeung nyusun data kalayan sistematis nu dimeunangkeun tina hasil wawancara, catetan lapangan, jeung bahan-bahan séjénna, nepi ka bisa dipikaharti tur éta pamanggih téh bisa ditepikeun ka balaréa. Analisis data dilaksanakeun ngaliwatan organisasi data, *penjabaran* unit-unit, sintétis data, nyusun pola, dipilih mana nu penting jeung nu bakal dipaluruh tur nyieun kacindekan.

Ieu panalungtikan ngagunakeun analisis data kualitatif nu sipatna induktif, nya éta nganalisis data nu kapanggih ti lapangan, tuluy dipilih data-data nu bakal dijadikeun sampel panalungtikan. Prosésna dilaksanakeun saméméh ancrub ka lapangan jeung sanggeus di lapangan (Sugiyono, 2008:245).

1. Analisis Saméméh ka Lapangan

Analisis dilaksanakeun dumasar data sékundér, nya éta data nu digunakeun pikeun nangtukeun fokus panalungtikan. Ieu data sékundér téh sipatna masih sementara tur bakal robah saupama panalungtik ancrub ka lapangan.

Data sékundér nu aya dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan pupujian nu aya di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

2. Analisis Data di Lapangan (*Model Miles and Huberman*)

Analisis data dina panalungtikan kualitatif dilaksanakeun waktu lumangsungna ngumpulkeun data jeung sanggeus ngumpulkeun data dina période nu tangtu. Wawancara bisa dilaksanakeun kalayan tuluy-tumuluy salila data nu kapanggih saméméhna kurang nyugemakeun.

Léngkah-léngkah dina nganalisis data di lapangan ngawengku:

a. réduksi data (*data reduction*)

Ku lantaran data nu kapanggih téh kacida lobana, mangka kudu dicatet kalayan telik tur rinci. Dina ieu hal, penting pisan ayana prosés réduksi data. Nu disebut réduksi data berarti ngaragum, milih hal-hal poko, fokusna kana hal-hal penting, ditéangan téma jeung polana. Ku kituna, data geus diréduksi bakal ngagampangkeun panalungtik pikeun méré gambaran nu leuwih jéntré.

Prosés ngaréduksi data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara milah-milah pupujian nu saluyu jeung papasinganana. Pupujian nu sakirana kurang nyumponan kana kritéria nu geus ditangtukeun, mangka teu diasupkeun kana analisis pupujian.

b. penyajian data (*data display*)

Sanggeus data diréduksi, léngkah satuluyna nya éta tahap penyajian data ngagunakeun téks naratif (uraian singget). Penyajian data kacida pentingna lantaran bakal ngagampangkeun panalungtik maham kana naon nu ditalungtikna.

Tahap penyajian data dina ieu panalungtikan didadarkeun ngaliwatan analisis pupujian kalayan nyosok jero dumasar struktur lahir (jumlah engang, jumlah padalisan, purwakanti, jeung gaya basa), struktur batin (eusi saujurtna, téma, rasa, nada, jeung amanat), fungsi jeung basa dina pupujian.

c. nyieun kacindekan (*conclusion drawing/verification*)

Léngkah pamungkas sanggeus penyajian data nya éta nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Ieu kacindekan téh bisa ngajawab rumusan masalah nu geus ditangtukeun saméméhna.

Kacindekan dina panalungtikan kualitatif mangrupa pamanggih anyar nu saméméhna tacan kungsi aya. Éta pamanggih téh mangrupa déskripsi atawa gambaran hiji objék nu ngajadikeun jéntré sanggeus ditalungtik.

Kacindekan nu dijieun dina ieu panalungtikan mangrupa hasil pamungkas nu dimeunangkeun tina obsérvasi jeung analisis data kalayan sistematis.